


# Нæзы

Ацы бæлас рагæй-æрæгмæ бирæ уарзæм. Канд йæ уынд, йæ конд æмæ хæрздæфы тыххæй нæ. Адæмæн цы пайда хæссы, уый чысыл нæу. Зæгъæм, нæзыйы чъиу мах бахъæуы къухы скъуыдтæ дзæбæх кæнынæн. Канд уымæн дæр нæ. Арæх, чи зоны, ахæм адæмтæ "нæзыйы цæссыгмæ" бафтауынц хуыйы сой, сæкæр, æмæ дзы æвæджиау хос рауайы. Хорз æххуыс фæвæййы алыхуызон хъæдгæмттæ байгас кæнынæн.

Уæдæ чъиу нæзы бæласæн йæхицæн дæр æнæпайда нæу. Къалиу кæнæ йæ зæнг куы аскъуыдтæ вæййынц, кæнæ та йын иставæр цæрæгой йæ цъæрттæ куы бахсыны, уæд чъиу æрæхгæны зианхæссæг хилджыты, саскты цæуæнтæ, æмæ бæлас нæ фæрынчын вæййы. Иу ныхасæй, йæхи дæр дзæбæх кæны æмæ адæмы дæр.

Раджы заманты, нæзыйы къалиуты кæрæтты цы къуыбæрттæ фæзыны, уыдоны фыхдонæй рынчынтæ сæхи дзæбæх кодтой бирæ алыхуызон низтæй. Уæлдайдæр та-иу, ръуджытæ куы фæсахъат сты, уæд.



Хосгæнæн миниуджытæ ис нæзыйы хихтæм дæр. Уазал рæстæджы сæм витамин С хæццæ кæны, цъæх хъæдындзы цас вæййы, уымæй фондз хатты фылдæр. Уæдæ нæзыйы хихты фыхдон мыд кæнæ сæкæримæ куы бануазай, уæд, суткæйы дæргъы организмы цас хъæуы, уыйбæрц уыдзæн уæлдæр амынд витамин.

Нæ фыдæлтæй æвдадзы хосæн баззад нæзыты къохы уæлдæф дæр. уым бирæ вæййы, микробтæ чи сафы, ахæм буаргъæдтæ — фитонцидтæ. Дзæбæх дзы кæнынц улæфæн оргaнтæ. Ръуджыты низæй чи фæсæйы, уыцы рынчынтæн у сæ хуыздæр хос.

**БЕСЛЕХЪОТЫ Ирæ,**
**дохтыр**

# Бестауты тутитæ



**Кæйдæрты фæфæнды, æндæр рæтты чи цæры, ахæм хæдзарон маргъ самал кæнын. Фæлæ бирæтæ хъуыды дæр нæ акæнынц, уый кæуылфæнды дæр стыр æмæ бæрнон хæс кæй æвæры, ууыл.**

**Завод "Электроцинчы" автокраныл кусæг Бестауты Георгийы хъуыддаг афтæ рауад, æмæ йæ маргъ йæхицæн равзæрста хæдзары хицауæн.**

— Цæвиттон, иу сæумæрайсом рахызтæн кæртмæ. Кæсын æмæ, нырма чысыл чи уыд, ахæм уылæнхуыз тути ратæхбатæх кæны, куы иу ран абады, куы — иннæ ран. Æз уайтагъд ахъуыды кодтон, кæд æххормаг у, зæгъгæ, æмæ йæм мæ къух бадаргъ кодтон. Уый цыдæр уæндон разынд, æрбатахт æмæ мæ цонгыл абадт, — радзырдта Георги.

Уæдæй фæстæмæ æнæхуынд уазæг цæрын райдыдта Бестауты хæдзары. Къуырийæ фылдæр бинонтæ æнхъæлмæ кастысты, уæдæ йæ кæд агурæг фæуаид, зæгъгæ. Куы нæ фæзынд, уæд тути сси бинонты базырджын хæлар. Георги йын бынæттон зоологион дуканийæ æрхаста къалати æмæ холлаг. Дарддæр та тути Бестауты фатеры цæрын райдыдта.

Хъыгагæн, иуцасдæр рæстæджы фæстæ маргъ æнкъард кæнын райдыдта. Георги дæр уымæ гæсгæ хъуыдыты аныгъуылд, æмæ иу бон ногæй фæраст зоологион дуканимæ. Ацы хатт йæ зæрдæмæ фæцыд, йæ пакъуы фæлурс-бур кæмæн уыд, ахæм кореллæ, æмæ йæ куыд нæ балхæдтаид. Хæдзармæ цæугæйæ, Бестауы-фырт уазæгуаты фездæхт йæхионтæм.

— Ацы тути дæр та дын æнæном уыдзæн? — бафарста фысымты сылгоймаг.

— Раст дын куы зæгъон, уæд нæ зонын, куыд æй рахонон, уый.

— Уæдæ хъус ардæм: дæ маргъ у сыл, стæй, æз куыд дæн, афтæ бур дæр, æмæ йыл мæ ном сæвæр.

Ацы хъуыды фæцыд Георгийы зæрдæмæ, æмæ кореллæ заводы кусæджы хæдзары къæсæрæй бахызт Марусяйæ. Иучысыл куы аратæх-батæх кодта уаты къуымты, уæд рабæрæг, маргъæн йæхиуæттæ йæхимæ кæй сты, уый. Уæлдай хатт æм бацæуæн нæй, къалатимæ та йæ нæ фæфæнды. Куы йæ смæсты кæнай, уæд та дын дæ къухтыл царм-буар нал ныууадздзæн. Кореллæйы бырынкъ, куыд æнхъæлут, ахæм чысыл нæу.

— Ацы рæстæг æз рахонин æрмахуыр кæныны рæстæг, — загъта Бестауты Георги. — Марусяйыл мах сахуыр стæм, уый та — махыл. Афтæмæй мæргъты бинонтæн цард бацайдагъ. Тутитæ кæрæдзиимæ тынг балымæн сты. Æдзухдæр æхсызгонæй фенхъæлмæ кæсынц Георгийы æрбацыдмæ. Куыддæр хæдзары дуары дæгъæлы уынæр айхъусынц, афтæ бæстæ хъæрæй сæ сæрыл сисынц. Ахæм хуызы йын арфæ фæкæнынц дыууæйæ дæр. Уатмæ куы 'рбахизы, уæд та йæм æрбатæхынц æмæ æрбадынц йе уæхсчытыл. Дарддæр та райдайы бинонты æхсæвæр.

— Дыууæйæ дæр адджинаг бирæ уарзынц. Кæд тутитæн уый холлагæн нæ амонынц, уæддæр сæ æз адджинагæй æнæ фæхынцгæ никуы фæвæййын, — бафиппайдта Георги.

Ныр мæргъты иузæрдион хæлар ссис зоологион дуканийы иудадзыг æлхæнæг. Ам уый амал кæны холлаг йæ тутитæн. Хуыздæр сæм куыд базилын хъæуы, уый тыххæй фæфæрсы фосы дохтыры. Георгийы цардыуаджы æмæ миниуджыты та æрцыд ивддзинæдтæ. Зæгъæм, тутитæн тынг тæссаг у дыууæрдыгæй дымгæйæ. Цæмæй ма фæрынчын уой, уый тыххæй суанг сæрдыгон æнтæф бонты дæр Бестауты хæдзары рудзгуытæ вæййынц æхгæд. Уый æнцон хъуыддаг нæу бинонтæн, фæлæ сæ хъомылгæнинæгты æнæниздзинад хъахъхъæнын уыдонмæ сæйраг кæсы.

— Мæнæн æппæты стырдæр фæлварæн вæййы, искæдæм куы ацæуын, уый, — загъта Бестауты Георги. — Уымæн æмæ тынг фæтыхсын мæ тутитыл. Фæлæ, фæстæмæ куы æрыздæхын, уæд мын æхсызгон вæййы, мæ базырджын хæлæрттæ мыл куыд тынг цин фæкæнынц, уый.

**КЪОРАТЫ Эльбрус**

# Сымах зонут?

***Тæккæ дзыллондæр альпиниадæ Сæнайы хохмæ уыдис 1967 азы Октябры революцийы кадæн. Уым архайдтой 1509 альпинисты.***

***

*Цæгат Ирыстоны тæккæ уæлдæр цъуппыл нымад у Джимарайы хох. Йæ бæрзæнд хæццæ кæны 4780 метрмæ.*

***

***Фыццагдæр уырыссаг сылгоймæгтæй Сæнайы хох басаста Дзæуджыхъæуы гимназы ахуыргæнæг Мария Павелы чызг Преображенская 1900 азы.***

***

*Цæгат Ирыстоны 70 бындурон цæугæдæтты афæдзмæ дон акæлы 13 миллиард кубометры.*

***

***Цæугæдон Терчы иумæйаг дæргъ у 623 километры. Дон кæцæй æмбырд кæны, уыцы фæзуат та ахсы 40 мин квадратон километрæй фылдæр.***

***



*Фыццагдæр Хъаспы денджызмæ доны балц цæугæдон Теркыл сарæзтой Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон педагогон институты студенттæ 1957 азы Фæсивæды æмæ студентты VI Æппæтдунеон фестивалы кадæн.*

# Бирæгъы хабæрттæ

## Хъæдхой æмæ бирæгъ

*Бирæгъ фосмæ æрбацæйхъуызыд ривæд афон. Уыцы рæстæг хъæдхой бæласыл абадт æмæ къуырцц-къуырцц кæнын байдыдта. Йæ къуырцц-къуырцмæ фыййау сыхъал, æмæ бирæгъ лидзынмæ фæци. Фырмæстæй хъæдхоймæ дзуры:*

*— Дæ хуыздæрау фæуай, дæ цæрынæй дæ хæрынмæ хъæд уыцы хост кæныс æмæ дзы иу хæдзар дæр никуыма скодтай.*



*— Дæуæн та, — æрдзырдта йæм бæласæй хъæдхой, — дæ гуыбыны цъар фосмæ лæсынæй баихсыд, афтæмæй дыл фырдзæрмттæй кæрц никуыма федтон.*

## Бирæгъ æмæ зыгъарæг



*Бирæгъ зыгъарæджы æрцахста æмæ йæ хæрынвæнд скодта. Уæд æм зыгъарæг сдзырдта:*

*— Бирæгъ, æгъдау бакæ, æгъдау. Уæ фыдæлтæ-иу махæй искæй куы хордтой, — загъта зыгъарæг, — уæд-иу дзы раздæр хорз фæхъазыдысты: æртæ хатты-иу æй уæлвæндагмæ сæппæрстой, æртæ хатты та — дæлвæндагмæ.*

*Бирæгъ æгъдау кæнын байдыдта æмæ зыгъарæджы зыввыттытæ кæнын систа. Зыгъарæг иу хатт йæ хуынкъмæ хæстæг æрхауд æмæ хуынчъы смидæг.*

*Бирæгъ хæлиудзыхæй баззад.*

**Фарс бацæттæ кодта**
**ТОХСЫРТЫ Къоста**

